

UPACARA BEKAKAK

Setaun sepisan ing sasi Sapar masyarakat ing Dhusun Ambarketawang Kecamatan Gamping, Kabupaten Sleman nganakake upacara tradhisional Saparan. Amarga ditindakake ing kecamatan Gamping, mula banjur kondhang diarani Saparan Gamping. Kejaba ing Ambarketawang, uga ana papan liya sing nindakake upacara Saparan, kayata: ing Wonolela Kecamatan Ngemplak Kabupaten Sleman, utawa Wonokromo ing Kabupaten Bantul.

Saparan Gamping bedo karo Saparan ing papan liyane. Adicara ini ditindakake kanthi nganakake arak-arakan saka Bale Dhusun Ambarketawang. Salah sawijining paraga sing diarak awujud bekakak. Bekakak yaiku tetironing manungsa arupa penganten sing digawe saka glepung beras ketan dicampur beras jawa. Jerone bekakak di isi juruh gula klapa sing diwenehi warna abang. Warna abang iki lambang getih manungsa. Bekakak mau dipikul ing tandhu, mawa piranti sing warna-warna. Sawise tekan gunung gamping, bekakak banjur disembelih, minangka lambang pangurbanan utawa sedhekah.

Manut crita sing gethok tular utawa riwayatane anane upacara dianakake, awit dhawuh Dalem Sultan Hamengku Buwana I. Upacara mau bisa dadi pangeling-eling nalika kaluwargane Ki Wirasuta abdi dalem sing nalika semana tiwas awit kajugrugaan watu Gunung Gamping. Supaya bab mengkono ora kadadean maneh para warga kudu tansah ngati-ati mula masyarakat Gamping banjur nganakake upacara Bekakak ing saben sasi Sapar, dina Jumat ing antarane 10-20 sasi Sapar. Sing baku upacara iku, isi pandonga marang Gusti lan wujud sukure para warga kanthi menehi rejekine marang wong liya wujud asile tetanen lan panganan sing manekawarna, pangan mau diwenehake marang wong liya sing padha teka. Dene ubarampe ing upacara iku mung wujud simbol wae, sing bisa narik kawigaten para warga lan bisa dadi tontonan utawa hiburan, malah bisa dadi papan wisata.

Upacara kang wis lumaku lantaran 200 taun iku mujudake tradhisi budaya sing kudu dilestarekake. Upacara iki diajab bisa nuwuhake rasa tresna marang kabudayan tradhisional kang bisa narik kawigatene para wisatawan. Tradhisi iki bisa mlebu ing *kalender wisata* internasional sing tundhone bisa nambah kesejahteraan tumrap warga Gamping sakiatengene.

Sing uga kudu digatekake panemu menawa upacara bekakak iku mung mujudake upacara tradhisi sing wis turun0temurun. Tradhisi minangka budaya Jawa kang bisa narik kawigatene para wisatawan, sing tembene bisa ngundhakake ekonomi masyarakat. Dadi aja nganti keblusuk ing babagan syirik kang ora bener manut paugeraning agama.

1. Isi Pokok Artikel

Nomer Paragraf	Isi Pokok Artikel
1	
2	
3	
4	
5	

2. Struktur Artikel

Struktur Artikel	Nomer Paragraf	Alesan/Bukti
Tesis		
Argumentasi		
Pangukuh		

Tradhisi Yaa Qowiyyu

Ing Kecamatan Jatinom, Klaten, ana tradhisi nyebar apem kang kondhang kaonang kanthi jeneng Yaa Qowiyyu. Warisan budaya iki wis tumurun saka generasi ing generasi lan awujud minangka pahargyan kang nggabungake unsur agama lan kearifan local. Tradhisi Yaa Qowiyyu dianakake sabun Wulan Sapa ring antarane tanggal 12 nganti 18 tanggalan Jawa, yaiku ing dina Jemuwah. Tradhisi iki ana gandheng cenenge karo sujarah saka Ki Ageng Gribig.

Tradhisi Yaa Qowiyyu kawiwitan sapisanan 15 Sapar 1511 H, nalika Ki Ageng Gribig nembe wae bali ngibadah kaji saka Mekah lan nggawa oleh-oleh roti sarta lemah lempung saka Arofah. Roti kasebut arep dibagekake marang sedhulur, murid, lan tangga teparone sinambi ngrungkake critane Ki Ageng Gribig. Jalaran roti kang ana cacah ora nyukupi, Ki Ageng Gribig njaluk marang bojone, Raden Ayu Emas Winongan, supaya ngolah maneh kareben dadi akeh. Adonan roti iku mau kang diarani apem Yaa Qowiyyu.

Jenang apem dhewe asale saka tembung basa Arab yaiku Afwun kang nduweni teges ngapura. Dene jeneng Yaa Qowiyyu dijupuk nalika Ki Ageng Gribig nutup pengajian. Nalika nutup pengajian, Ki Ageng Gribig tansah Ndonga kang unine "Yaa Qowiyyu yaa aziz qowina wal muslimin, yaa qowiyyu warsuqna wal muslimin." kang tegese "Ya Tuhan, berikanlah kekuaran kepada kita, kaum muslimin."

Saka kedadeyan sujarah kasebut lan charisma saka Ki Ageng Gribig, acara sebaran apem dadi warisan tradhisi kang isih tetep dilestarekake nganti saiki. Pahargyan Yaa Qowiyyu digelar kanthi persiapan kang tumata, ing antarane nggawe panitya saka sesepuh desa, tokoh masyarakat, lan pejabat kang ana ing Klaten. Panitya mau nduwe tanggung jawab saka mentokake tanggal nganti njaga keamanan nalika acara kagelar.

Ana ing Wulan Sapar, sakwise nemtokake tanggal pahargyan, masyarakat Jatinom kanthi gotong-royong ngresiki papan panggonan upacara. Papan panggonan kang diresiki kalebu Masjid Gedhe Jatinom, Makam Ki Ageng Gribig, Sendhang Air Suran, mushola ing sakupenge sendhang, dan lapangan Jatinom.

Ana ing acara kang utama, tradhisi Yaa Qowiyyu diwiwiti sholat Jumat. Sakwise padha sholat banjur kagelar prosesi arak-arakan kang nglibatake paraga sing nggambarake Ki Ageng Gribig, Muspida Klaten, 2 gunung apem (Ki Kiyat lan Nyi Kiyat), putri dhomeas, sarta para pangawal utawa abdi. Paraga Ki Ageng Gribig banjur mimpin donga lan maringake apem kang mapan ana ing keranjang janur marang Bupati Klaten. Bupati banjur miwiti acara nyebarake apem kanthi cara dibalangake ing masyarakat. Sakwise iku dibacutake para petugas padha mbalangake apem saka rong Menara "Oro-oro Tarwiyah" marang masyarakat kang wus pada kumpul ing ngisor Menara.

Tradhisi Yaa Qowiyyu iku ora mung dadi pahargyan rutin, ananging pakurmatan marang jasane Ki Ageng Gribig nalika nyebarake agama Islam tanpa ninggalake budaya local kang kuwat, sakliyane iku tradhisi iku mulang nilai-nilai kang dituladhani Ki Ageng Gribig, yaiku njaga iman, patuh marang agama, ngadohi larangan Sang Kuwasa, sarta njaluk ngapura marang Gusti Inggang Murbeng Dumadi. Yaa Qowiyyu minangka warisan budaya kang kebak sujarah lan akeh nilai-nilai kabecikan, tansah ngembaka ing jamane. Tradhisi kang dadi pangeling-eling yen akar budaya sarta nilai-nilai kabecikan dicekel kanthi temen marang masyarakat Jatinom, Klaten.

1. Informasi Faktual

Pitakonan	Informasi Faktual	Nomer Paragraf
Apa		
Ing Ngendi		
Sapa		
Kapan		
Geneya/ Kena Ngapa		
Kepriye		

2. Identifikasi Teks

No	Aspek kang diidentifikasi	Wangsulan
1	Jinis Artikel	
2	Struktur Artikel	
3	Ancase Artikel	
4	Isi Pokok	